

Dokiman w ap bezwen pou Lisans Chofè/Kat ID

Sitizen Ameriken

Ou dwe pote dokiman idantifikasyon, sosyal sekirite ak adrès rezidansyèl.

pote

1

Idantifikasyon Prensipal kopye orijinal oswa sètifye Pa aksepte fotokopi

- Original oswa kopi sètifye ak de nesans ki soti nan yon eta oswa teritwa ameriken
- Paspò ameriken oswa kat paspò (kapab ekspire)
- Sètifika Natiralizasyon
- Rapò Konsila Etazini sou Nesans aletranje (Fòm FS 240)

Si non an diferan de idantite prensipal la, Tanpri soumèt youn nan bagay sa yo:

- Sètifika maryaj
- Lòd tribinal
- Dekrè divòs (dwe akonpaye ak prèv nan non anvan an si li pa parèt nan dekrè a)

Konsiderasyon enpòtan:

- Lè ou chanje non, ou dwe jwenn yon nouvo kat sosyal sekirite, tan omwen yon jou travay anvan ou aplike pou yon lisans oswa yon kat ID
- Si se premye fwa w ap aplike epi ou chanje non (maryaj/divòs), ou dwe prezante dokiman ki montre tout istwa non ou depi nesans ou

Pa aksepte fotokopi

pote

2

Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida*

- Akt posesyon tè, peman kay-la, Dokiman taks sou pwopriyete, oswas Kontra lwaye
- Kat Enskripsyon Elektè de Florida
- Kat Sèvis Militè
- Dokiman valab ki montre pwopriyete machin oswa bato nan Florida
- Bòdwo sèvis piblik ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou bill dlo, gaz, elektrisite, telefòn, intènèt)
- Deklarasyon finansye ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou bank, kat kredi, oswa kont investisman)
- Liv pèman machin ki dat nan 60 dènye jou yo
- Kat medikal oswa kat sante ak/oswa bòdwo medikal ki dat nan 60 dènye jou yo
- Lisans pwofesyonèl ki te bay pa yon ajans gouvènman ameriken
- Dokiman ki soti nan anplwayè ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou talon chèk, fòm W-2)
- Bòdwo asirans kay ou ak/oswa machin ou genyen kounye a
- Dokiman ki soti nan ajans gouvènman federal, eta, oswa vil ki dat nan 60 dènye jou yo
- Fòm enskripsyon FDLE ki ranpli pa biwo sherif lokal la oswa Depatman Koreksyon yo nan 30 dènye jou yo

Lè w ap itilize prèv adrès nan non yon lòt moun, ou dwe ranpli yon Fòm Sètifikasyon Adrès epi swiv enstriksyon ki sou fòm nan.

pote

1

Nimewo Sosyal Sekirite dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

- Kat Sosyal Sekirite orijinal
- Fòm W-2 oswa 1099
- Resi shèk peman ak Nimewo Sosyal Sekirite konplè

Veteran

Si ou vle yon deziyasyon veteran sou lisans oswa kat ID ou, ou dwe prezante prèv dechaj onè, tankou kat VA, Kat ID Militè Retire, DD-214.

Veteran 100% Andikape

Tanpri pote Kat Veteran Andikape ou oswa Lèt Verifikasyon Sèvis ou soti nan VA pou egeje frè yo.

